



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A AK FÒS LÒD LOKAL YO PRAL
AJOUTE PLIS PATWOUY SOU WOUT NEW YORK YO PANDAN FÈT 4 JIYÈ A**

***Manm Patwouy ak fòs lòd lokal Eta New York yo pral sible chofè ki gen kapasite
afebli ak ensousyan yo pandan wikenn fèt sa a***

Yo te bay plis pase 35,000 tikè pandan aplikasyon lwa 2023

Thruway, Depatman Transpò a pral sispann travay woutye yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York ak ajans fòs lòd lokal yo pral ogmante patwouy yo pral pran mezi represyon kont moun k ap kondwi tou sou ak dwoge ak lòt enfraksyon sikilasyon yo pandan 4 Jiyè sa a. Lapolis nan tout eta a pral reyalize pwèn kontwòl pou verifye si tèt moun yo klè, epi sible moun k ap kondwi yon fason ensousyan epi agresif yo pou kenbe otowout New York yo an sekirite pandan sa yo konsidere wikenn vwayaj ki pi chaje pandan ete a.

"Lapolis Eta ak ajans fòs lòd lokal yo pral yon lòt fwa ankò sou wout New York yo nan wikenn fèt sa a pou asire yo an sekirite pou chofè ak pasaje yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou vle Nouyòkè yo pran plezi nan wikenn fèt sa a, men nou vle tou pou yo fè sa yon fason responsab. Nou pa gen okenn tolerans pou chofè kie aksyon ensousyan yo mete lavi lòt moun an danje."

Kanpay la, ke Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè Governor's Traffic Safety Committee (GTSC) a fonde, pral kòmanse mèkredi 3 jiyè a 6:00 p.m. epi yo pral dewoule jiska minwi dimanch 7 jiyè 2024.

Pou ede fasilite vwayaj la pandan wikenn fèt ki chaje a, fèmte tanporè vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispann apati 6 a.m. jedi 4 jiyè pou rive 6 a.m. lendi 8 jiyè a. Fèmte liy ki gen rapò ak konstriksyon sou pwojè Thruway yo chwazi yo pral sispann apati 6 a.m. nan mèkredi 3 jiyè.

Chofè yo dwe konnen ke li pwobab pou yo kontinye fè kèk travay dèyè baryè an beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans yo. Sispansyon konstriksyon an akò ak Inisyativ Chofè yo Dabò (Drivers First Initiative) Eta New York la, ki priyoreze konmodite

otomobilis yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon yo ak reta vwayaj akòz travay nan wout ak pon.

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Manm nou yo travay avèk vijilan pandan tout ane a pou kenbe wout nou yo an sekirite epi entèseptemoun ap kondi nan kapasite afebli ak nan fason iresponsab, epi pi plis toujou pandan peryòd fèt kote selebrasyon yo ka gen ladan alkòl. Pandan ke nou vle tout moun jwi Jounen Endepandans pa yo, nou mande yo fè sa yon fason responsab lè yo deziyen yon chofè modere si yo te bwè. Ansanm, nou ka travay pou anpeche trajedi san sans ke moun ap kondi nan kapasite afebli ak nan fason iresponsab koze."

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) Eta New York ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Sa a se yon wikenn kote anpil nan nou pral reyini ansanm ak fanmi ak zanmi pou selebre. Plezi ak lajwa sa a pa ta dwe apeze pa yon moun ki fè yon erè trajik nan kondwi pandan yo nan kapasite afebli oswa distrè. Fè yon plan pou w ale nan destinasyon w an sekirite epi bay tèt ou ak moun ou renmen yo yon ti lapè."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Reta nan vwayaj yo ka fasilman detwi vakans ou epi se poutèt sa Depatman Transpò Eta New York la konplètman sipòte desizyon Gouvènè Hochul pran pou sispann aktivite konstriksyon ak fèmèn liy tanporè pandan jounen fèt 4 jiyè a. Sekirite ak konvenyans piblik vwayajè yo se toujou pi gwo priyorite NYS DOT epi n ap fè tout sa nou kapab pou asire Nouyòkè yo rive kote yo bezwen ale an sekirite epi avèk yon minimòm traka pandan fèt sa a. Mwen ankouraje tout moun pou yo kondwi san danje, evite nenpòt fòm distraksyon sou volan epi pou yo mete yo sou kote pou veyikil ijans ak antretyen yo. Se pou nou tout gen yon gwo Fèt Endepandans an sekirite!"

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York la, Frank G. Hoare, te deklare, "Sispann aktivite konstriksyon pandan jounen fèt 4 jiyè a pral ede soulaje reta otomobilis yo ka genyen pandan wikenn vwayaj chaje sa a. Nou ankouraje otomobilis yo pou yo fè sekirite vin yon pi gwo priyorite nan vwayaj pa yo. Lavi yo, ansanm ak sekirite lòt otomobilis, pèsònèl ijans ak anplwaye nou yo, depann de li. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Polis Eta New York la paske yo fè patwouy sou Thruway la epi kenbe otomobilis yo an sekirite. Nou swete tout moun yon Kat Jiyè ki an sekirite ak nan kè kontan."

Ane pase a, lapolis te bay 35,104 tikè atravè eta a pandan peryòd aplikasyon lwa 4 jiyè a, ki gen ladan plis pase 1,200 tikè pou kondwi nan kapasite afebli akòz alkòl oswa dwòg, plis pase 1,000 tikè pou kondwi yon fason distrè, ak plis pase 7,000 tikè pou vitès. Pandan tan sa a, Lapolis Eta a sèlman te bay 12,991 tikè total, yo te arete 193 moun pou DWI epi yo te envestige 949 aksidan, ki gen ladan senk moun ki mouri.

Otomobilis yo ta dwe suiv Lwa Deplase sou Kote Eta a, ki [te elaji](#) an mas pou chofe yo pou ralanti ak deplase sou kote pou tout machin ki kanpe sou wout la.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondui yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout komodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks, navige epi aksede ak aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondui, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

Otorite Twotwa (Thruway Authority) la raple otomobilis yo ke pandan 18 zòn sèvis yo ouvri, gen uit ki fimen epi yo an konstriksyon nan kad [pwojè](#) devlopman 450 milyon dola a. Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo. Otomobilis yo ka wè zòn sèvis yo epi planifye arè yo sou [sit entènèt](#) Otorite Thruway la ak sou aplikasyon [mobil gratis](#) la.

Panan peryòd ranfòsman sa a, chofè yo ka atann yo pral rankontre pwen kontwòl pou verifye si tèt moun yo klè ak patwouy DWI adisyonèl. Fòs Lapolis yo pral chèche tou otomobilis ki ap itilize telefòn yo ansanm ak lòt aparèy elektwonik yo pandan yo dèyè volan. Chofè yo ta dwe sonje tou pou "mete yo sou kote" pou veyikil ijans ak risk ki kanpe yo sou bò wout la lè yo ap vwayaje sou otowout New York yo.

Ofisye Lapolis yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta ki make yo ak veyikil Ranfòsman Sikilasyon ak Idantite Kache yo (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis k ap itilize aparèy yo kenbe nan men yo pandan y ap kondwi yo. Veyikil sa yo ka kamonfle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo ke [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android ak Windows. Aplikasyon an ap pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj machin epi pwograme yon lis chofè yo chwazi. Li bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, epi bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan li anba enfliyans.

Si w kondwi sou oswa anba dwòg, ou pa sèlman riske lavi w ak lavi lòt mou, men tou ou ka fè fas a arestasyon, tan prizon, ak gwo amann ak frè avoka. Yon arestasyon poutèt w ap kondwi apre w fin bwè alkòl, an mwayèn koute jiska \$10,000.

Chofè ke yo arete tou sou oswa dwoje yo ap fè fas a pèt lisans chofè yo, pi gwo tarif asirans yo, ak plizyè douzèn depans ke yo pa te prevwa pou frè pou avoka yo, amann ak depans pou tribinal yo, remokaj ak reparasyon machin yo, ak pèt tan nan travay yo.

Lapolis Eta New York la, GTSC ak NHTSA rekòmande konsèy senp sa yo pou evite kondwi nan kapasite afebli:

- Planifye yon fason pou retounen lakay ou an sekirite **anvan** ou kòmanse pran plezi w.
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki p ap bwè pou kondwi.
- Si w nan yon kapasite afebli, itilize yon taksi, rele yon zanmi ki pa bwè oswa yon manm fanmi w, oswa pran transpò piblik.
- Itilize pwogram moun ki pa sou k ap bay woulib ki disponib nan kominote w la.
- Si ou ta remake yon chofè ki sou oswa ki gen kapasite afebli sou wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la.
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi machin oswa moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle li epi ede l fè lòt aranjman pou li rive kote li prale a an sekirite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)